



Pou Piblikasyon Imedya: 22/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN RESTORASYON KAY MARTIN HOUSE
FRANK LLOYD WRIGHT LA NAN BUFFALO**

***Peyizaj Istorik la Se Dènye Eleman pou Mete Fen nan Efò Restorasyon y ap Fè
Depi De (2) Deseni an***

***Pwojè Restorasyon an te Resevwa Envestisman ki te Rive Plis Pase 50 Milyon
Dola Ototal nan men Patnè Eta ak Federal yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman peyizaj Frank Lloyd Wright te konsewa pou pwopriyete Darwin D. Martin House la, ki se dènye eleman pou mete fen nan efò restorasyon global yo t ap fè depi plis pase de (2) deseni an epi yo te resevwa plis pase 50 milyon dola investisman nan men pwogram Moniman Istorik Nasyonal la (National Historic Landmark) ak Sit Istorik Eta New York la (New York State Historic Site). Kay Martin House la te resevwa 24 milyon dola finansman ototal nan men Eta New York kòmanse an 1993, epi Gouvènè Cuomo te konble eka yo gras a yon angajman 5 milyon dola. Yo te itilize dènye fon sa yo prensipalman pou reyabilite peyizaj istorik la, prezève kay Barton House la (1903) - ki se dezyèm rezidans sou pwopriyete a - epi fini restorasyon nan dezyèm etaj kay Martin House la.

"Kay Darwin Martin House la se youn nan atraksyon ki pi anblematik ki genyen nan Rejyon Lwès New York la", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Restorasyon peyizaj istorik la se yon amenajman eksepsyonèl y ap ajoute sou pyès enpòtan sa a nan endistri touris achitektiral kwasan Buffalo a."

"Kay Darwin Martin House la fè pati istwa achitektiral eksepsyonèl Rejyon Lwès New York la ak tisi katye Parkside la", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, ki te pale nan evènman jodi a, te deklare.** "Restorasyon konsepsyon anblematik Frank Lloyd Wright la reprezante vizyon tout yon kominote epi li te yon premye priyorite pou investisman eta a depi byen lontan. Avèk pwopriyete a ke yo restore kounye a pou vin retounen jwi glwa dantan l, li pral vin menm plis yon motè ekonomik ankò pou Vil Buffalo, k ap atire vizitè k ap soti toupatou nan mond lan vin viv eksperyans atraksyon inik sa a."

Kay Martin House Wright la se yon egzanp enpòtan ki montre vizyon konseptè lejandè a genyen pou l kreye achitekti òganik k ap pwomouvwa amoni ant anviwònman kote yo konstwi a ak mond natirèl la, Nan pwopriyete Martin House la, plizyè estrikti, anpil gran mèb ak eleman dekoratif melanje ak yon peyizaj ekstravagan pou kreye yon konpozisyon konsepsyon inifyè ki gen rapò youn ak lòt. Kounye a ke yo fin konplètman reyalize peyizaj istorik sa a avèk anpil milye plant flè, ansanm ak pye bwa, ti pye bwa ak lyann yo mete ladan yo, ki abilman bwouye limit ant bilding yo ak espas aleksteryè yo.

Peyizaj istorik la reprezante yon eleman enpòtan k ap kontribiye nan enpòtans global pwopriyete multi-rezidansyèl la ki mezire 0.61 ekta. Wright te kreye kay yo an amoni ak lanati. Li te devlope yon apwòch konsepsyon entegre ki ini bilding yo, eleman dekoratif yo ak peyizaj eksteryè a nan yon estil òganik, ki soti nan enspirasyon li tire apati mond natirèl la. Plan peyizaj Martin House la melanje aspè fòmèl tradisyon Jaden Anglè a ak eleman peyizaj enfòmèl yo. Wright te ranje plan kay Martin House la nan fason pou l ankadre pye bwa yo ak jaden yo odela de mi yo ak fenèt yo kote chak espas ouvè gen panorama ki bay sou deyò a epi ki abilman bay amenajman peyizaj yo yon prezans anndan.

Yo te angaje Bayer Landscape Architecture, ki sitiye non lwen Rochester, pou yo reyalize restorasyon peyizaj istorik Wright te konsevwa a ki gen ladan:

- Restorasyon relasyon vizyèl ak espasyal ant eleman achitektiral yo ak amenajman peyizaj sit la yo.
- Rekreyasyon floricycle a ki se, eleman konsepsyon ki pi konplèks nan plan peyizaj Wright la.
- Ranplasman eleman kriblaj vejetal yo; ranje touf ti pye bwa yo nan yon kontèks natiralis; pwen fokal yo chwazi pou ti pye bwa a flè ònemantal yo; treyaj pou lyann yo; plant nan po flè, fontèn ak plant nan bwat; ak jaden plant vivas yo.
- Reyentalasyon jaden bòdi Anglè ki akote briz-solèy la, ki ekspoze diferans ant plant ki plis nan kontèks natiralis yo ki defini limit pwopriyete istorik la.
- Redefinisyon "chanm" anplennè yo ak eleman achitektonik jaden ke Wright te konsevwa.
- Prezèvasyon ansyen pye bwa Èt Poup ki gen yon syèk la—youn nan sèlman de (2) nan amenajman vejetal ki rete depi peryòd istorik la.
- Ranplasman pye bwa nan lokalite istorik ki gen sou pwopriyete a, ansanm ak pye bwa aliyman yo remete sou bòdi Jewett Parkway ak Summit Avenue an de konsè ak Vil Buffalo.

Peyizaj yo restore a se yon nouvo sous pwogram edikasyon ak entèpretasyon pou vizit yo, evènman ak dyalòg kominotè sou enpòtans lanati ak konsepsyon nan lavi kotidyèn. Pwojè peyizaj la gen ladan tou ekleraj, pano direksyon, ak yon espas lakou ak yon ti restoran sou sit la.

Erik Kulleseid, ki se Komisè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York lan (Office of Parks, Recreation and Historic Preservation), te deklare, "Pak Eta New York yo remèsye Gouvènè a pou angajman l pran pou l finanse travay enpòtan y ap fè nan Konplèks Martin House la (Martin House Complex). Antanke yon anblèm pou Rejyon Lwès New York la, kanpis sa a ap atire vizitè k ap soti toupatou nan mond lan epi kounye a ke yo fini travay yo, li pral sèlman sèvi pou atire menm plis moun ankò vin vizite chak ane. Nou paka tann pou n kontinye yon patenarya pandan n ap transfòme pwojè restorasyon sa a pou l vin tounen veritab eksperyans li te dwe ye a".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la, Howard Zemsky te deklare, "Ilyèm Faz Buffalo Billion lan te rebay lakou ak jaden Darwin Martin House la lavi, sa k ap mete fen nan plis pase 20 tan travay pou

konplètman restore trezò Buffalo sa a epi asire anpil vizitè vin vizite vil la pandan anpil deseni k ap vini ankò".

Manm Kongrè Ameriken Brian Higgins te deklare, "Nou kontan anpil paske restorasyon kay Martin House Frank Lloyd Wright la, ki se youn nan akonplisman achitektiral ki pi enpòtan nan Rejyon Lwès New York la, fini. Gras a sipò patnè eta ak federal yo, Nouyòkè ak vizitè yo ki vin nan rejyon nou an ka plènman jwi fwi pwojè a yo t ap fè depi yon deseni an".

Senatè Eta Chris Jacobs te deklare, "Sa se yon jounen enkwayabman pwometè pou kay Darwin Martin House la, ak endistri touris achitektiral Vil Buffalo a ak Rejyon Lwès New York la. Se yon privilèj pou nou gen yon atraksyon ki gen kalib mondyal konsa nan Distri Sena mwen an, epi mwen aplodi tout pati konsène yo ki te jwe yon wòl enpòtan konsa pandan de deseni ki sot pase yo pou rann gran jou sa vin yon reyalite."

Lidè Majorite Asanble a, Crystal D. Peoples-Stokes te deklare, "Kounye a ke restorasyon Darwin Martin House la fini an, mwen swete moun vin wè jwayo achitektiral Rejyon Lwès New York la yo. Nou rekonesan pou sipò Gouvènè Cuomo kontinye ba nou pou asire ke pwojè a rive reyalize".

Egzekitif Konte a, Mark Poloncarz te deklare, "Frank Lloyd Wright te swete pou peyizaj ak lanati asosye ak achitekti vizyonè li a, sa k ap kreye espas ki pote espas anplennè yo anndan epi plonje vizitè yo nan yon anviwònman seren ak natirèl. Vizyon orijinal achitèk la te gen pou konplèks Darwin Martin House la fin konplètman reyalize kounye a avèk finisman amenajman peyizaj ki nan lakou yo, epi efè yo enkwayab. Konte Erie fyè pou nou te fè patenarya nan kad restorasyon trezò achitekti inik, yo rekonèt onivo nasyonal sa a ki prè kounye a pou l atire plis vizitè pase jamè".

Majistra Vil Buffalo a, Byron W. Brown te deklare, "Kèk nan achitèk 20yèm syèk ki pi selèb yo te touche ak fasone Buffalo. Kounye a ke pwojè restorasyon an fini, gras a sipò Gouvènè a, istwa achitektiral Buffalo a pral resevwa menm plis atansyon ankò".

Prezidan Konsèy Administrasyon Martin House la, Kevin R. Malchoff te deklare, "Se yon lonè pou nou paske Martin House se yon sit istorik Eta New York, epi li enpòtan tou paske se premye reprezantasyon achitektiral 20yèm syèk ki genyen pami 36 sit istorik Eta a yo. Investisman New York te fè nan restorasyon an nan tan pase yo gras a fon sibvansyon Eta a yo te enpòtan anpil pou siksè nou, epi angajman Eta a pran pou l antre nan yon akò jesyon kowoperativ alontèm avèk Konsèy Administrasyon an k ap, an pati, ofri investisman kapital alontèm nan Martin House se yon lòt rezon ankò pou nou selebre".

Prezidan Bayer Landscape Architecture, Mark H. Bayer te deklare: "Finisman pwojè sa a te pote anpil chanjman pwofon nan lakou Darwin Martin House la, sa k ap retabli peyizaj espektakilè ki te manke depi plis pase uit (8) deseni. Jaden an yo amenaje a ap pèmèt vizitè yo viv eksperyans vizyon konplè Frank Lloyd Wright te pataje ak lafanmi Martin an yon lòt fwa ankò pou pwopriyete a - ki se yon vizyon kote bilding yo konplètman entegre ak lanati".

Direktris Egzekitiv Martin House la, Mary Roberts te deklare, "Kay Martin House la se yon pwojè ki te kapte imajinasyon ak kè anpil moun. Li se yon senbòl ki montre sa kominote a ka fè lè yo detèmine pou yo reyalize yon bagay enpòtan. Mèsi a Eta New

York ak tout pati konsène nou yo paske yo ede nou restore ak rekreye vizyon Frank Lloyd Wright la pou chedèw achitekti, konsepsyon ak peyizaj sa a".

Enfòmasyon sou Frank Lloyd Wright (Ameriken, 1867-1959)

Yo rekonèt Frank Lloyd Wright onivo entènasyonal antanke youn nan moun ki pi enpòtan nan domèn achitekti ak konsepsyon 20èm syèk la. Vizyon li gen pou kreye yon nouvo fòm achitekti Ameriken ki baze sou peyizaj ouvè nan Preri Mitan Rejyon Lwès la te make jeni li. Wright te redefini konsèp tradisyonèl espas yo lè li fizikman ak espiyèlman konekte enviwònman yo konstwi a ak mond natirèl la. Yo plis konnen li pou kay "estil Preri" li yo, bilding biwo ki efikas yo, ak mèb ak konsepsyon dekoratif novatè yo. Apati mwa Jiyè 2019, Òganizasyon Edikasyonèl, Syantifik, ak Kiltirèl Nasyon Zini an (United Nations Educational, Scientific and Cultural Organization, UNESCO) te vote pou yo enkli *Achitekti Ventyèm Syèk Frank Lloyd Wright la* nan lis Eritaj Mondyal la (World Heritage). Afiche yon imaj peyizaj Martin lan ke Wright te konsevwa [la](#). Afiche plan ak imaj sit la yo [la](#).

Enfòmasyon sou Martin House

Konplèks Martin House Frank Lloyd Wright la se yon pyès mètrès ki gen kalib mondyal yo te konstwi pou patwon enpòtan ak yon zanmi Wright, ki rele Darwin D. Martin, nan Buffalo, NY, yon vil ki plen trezò achitektiral. Kòporasyon Restorasyon Martin House la (Martin House Restoration Corporation) dedye a prezèvasyon, entèpretasyon, pwomosyon ak antretyen pwogram Moniman Istorik Nasyonal la (National Historic Landmark) ak Sit Istorik Eta New York la (NYS Historic Site) akòz de avantaj edikatif ak ekonomik enpòtan li reprezante pou Vil Buffalo, Konte Erie ak tout Eta New York la.

Konplèks Darwin D. Martin House la se egzanp ideyal Kay Preri Frank Lloyd Wright la epi li klase pami pi bèl travay rezidansyèl Wright te fè. Konplèks la te yo te konsevwa pou egzekitif Larkin Soap Company an, Darwin D. Martin epi ke yo te konstwi ant 1903 ak 1905 lan, se yon konpozisyon inik ki gen ladan kay prensipal Martin House la, kay pi piti a Barton House, ke yo te konstwi pou sè Martin lan viv ak mari l, yon remiz ak yon apatman pou chofè, yon kay pou jadinya (yo te ajoute an 1908), ak yon konsèvatwa espektakilè ki gen twati an vit ki relye a kay prensipal la gras a yon briz-solèy ki mezire 100 pye (yon pasrèl pyeton kouvri), yo tout entegre ak peyizaj ki ozalantou yo.

Martin House la ouvri pandan tout ane a epi li ofri yon bann seri vizit, evènman edikatif ak evènman espesyal ak pwogram espas a lwe, epi li opere yon magazen mize ak yon ti restoran sou sit la. Enfòmasyon yo disponib sou www.martinhouse.org oswa rele nan 716-856-3858.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)